

# Project SOL

## Bilten III

### Yon ti mo Direktè yo nan Pwojè a voye di nou

*Chè Patisipan ak Zanmi Pwojè SOL:*

*Sa fè depi plis ke katran depi ke nou te kòmanse Pwojè SOL la. Nou kòmanse ak yon yon ti mo po fè-w sonje bi pwojè-a ak sa-l te akonpli, epi nou dekeri rezilta nou te jwenn pou chak bi projè-a. Nou swete ke ou-ap renmen ti apèsi de rezilta pwojè-a. Nou kwè enfòmasyon ke nou te sanble yo ap ede nou tout ki entere bay elèv ki soti nan lòt peyi yon pi bon chans pou yo reyisi.*


*Nou vle pran yon ti tan pou nou di “mèsi” yon lòt fwa a anpil etidyan, paran, pwofesè, direktè e moun kap travay nan lekòl yo ki te patisipe nan pwojè enpòtan sa-a. Si-w ta renmen gen plis detay sou pwojè, al nan entènèt: [www.fiu.edu/~sol](http://www.fiu.edu/~sol). Si-w ta genyen nenpòt kesyon, oswa ou ta vle fè yon ti koze avè-n sou pwojè a, ou mèt rele nou san kè sote nan nimerò 305-919-5833 (Evelyn Cawley). N’ap toujou kotan pale avè-w.*


*N’ap voye yon bèl salitasyon bay ou tout,*


*Dr. Mary Levitt, Dr. Jerry Levitt, ak tout anplwaye Pwojè SOL yo.*



## Bi Pwojè a

 **Pou aprann sa sa vle di pou etidyan ki soti nan lòt peyi yo pou yo ale lekòl ozetazini**

 **Aprann kòman viv nan lòt peyi deranje tout kantite bagay sosyal etidyan yo, sa yo panse de yo menm, epi kòman yo travay lekòl.**

 **Aprann kisa lekòl yo ka fè pou ede elèv ki sòti nan lòt peyi yo reyisi.**

## Sa pwojè-a reyalize

### Men sa nou fè

Nan premye ane pwojè-a, ekip nou an te fè entèvyou ak 638 elèv ki nan klas 3èm, 4èm, 6èm, 7èm ak 9èm ane ki te fèk vin viv Ozetazini. Timoun sa yo sòti nan peyi Ajantin, Kolonbi, Kiba, Ayiti, Jamayik, ak anpil lòt peyi nan Karayib la ki pale Anglè. Nou te mande etidyan kesyon sou gwoup zanmi ak fanmi ki enpòtan nan lavi yo e kijan y-ap degaje yo nan lekòl Ozetazini. Paran yo te patisipe tou, lè yo te rampli yon keksyonè sou zafè lekòl timoun yo e sou kijan fanmi yo tap degaje yo Ozetazini. Nou te jwen enfòmasyon tou de pwofesè k-te patisipe nan pwojè-a ak nan rejis lekòl yo tou. Lè nou fin’ retire tout enfòmasyon ki ta kapab idantifye moun ki te patisipe nan pwojè-a, nou mete sou òdinatè tout enfòmasyon. Nou te refè entèviou ak elèv yo e nou te voye keksyonè bay paran yo nan dezyèm ak nan dènye ane pwojè-a. Enfòmasyon ke nou te jwenn yo ban nou yon lide general de kisa li ye pou etidyan ki sòti nan lòt peyi adapte yo ak yon nouvo sityasyon.

### Men sa nou te aprann

An general, sa nou jwen nan rezilta pwojè-a montre ke adapte nan yon lot lekòl ak nan yon lòt peyi se yon tèt chaje pou pifò elèv e li sanble ke premye ane-a se li-k pi di. Pi gwo pwoblem pou etidyan yo (sitou sa-k pat kon

pale Anglè deja) se te aprann Anglè. Kou etidyan aprann plis Anglè, yo travay pi byen lekòl.

Nou te aprann pi plis chak ane kijan rapò moun ak moun, eksperyans nan lekòl, ak kondisyon nan kominote-a kapab ede etidyan yo fè fas ak pwoblèm yo. Sa nou jwen sou chak bi pwojè-a ekri pi ba paj sa-a.

**Objektif Pwojè a- # 1 : Pou aprann sa sa vle di pou etidyan ki soti nan lòt peyi yo pou yo ale lekòl ozetazini.**

### Pèfòmans nan lekòl

Chak ane nou mande etidyan yo kòman yo wè yap boule ak lekòl la lè yap konpare pèfòmans yo ak pèfòmans ane pase a. Premye ane a, pifò etidyan yo (49% konsa) te reponn yo te gen menm pèfòmans nan; 16% konsa te reponn yo te pi mal pase sa yo te konn fè nan peyi pa yo; sèlman 35% konsa te reponn yo te gen pi bon pèfòmans. Nan dezyèm ane a, majorite etidyan yo (70% konsa) te di yo te gen pi bon pèfòmans e preske menm pousantaj la te di yo te gen pi bon pèfòmans nan twazyèm ane a. Nòt saldeklas yo ak pwèn ekzamen etidyan yo nan kaye lekòl yo te amelyore tou nan peryòd sa a. Pi gwo rezon etidyan yo te bay pou eksplike pi bon pèfòmans yo te genyen nan premye ane a se te travay la te pi fasil pase sa yo te konn fè nan peyi yo. Rezon etidyan yo te plis itilize pou eksplike pi bon pèfòmans yo nan dezyèm ak twazyèm ane a se te pase yo tap aprann plis Anglè, yo tap aprann plis an general, oubyen yo tap travay pi di.

### Bagay ki te di pou etidyan yo

Chak ane, nou te mande etidyan yo si te jwenn kèk bagay ki te di nan ane ki sot pase a. Nan premye ane a, preske tout etidyan yo (80-90%) te reponn kite zanmi ak manm fanmi yo te vrèman di pou yo. Anpil etidyan (45-55%) te di tou pwofesè ak lòt moun ki pa konprann aksan yo, ak fason yo te konn fè yon seri bagay te di pou yo anplisde Anglè a yo tap eseye aprann. Men tou, anpil

etidyan (40-50%) te konn di souvan fè nouvo zanmi, pa genyen zanmi ak paran ozalantou a, rete nan yon klas avèk lòt etidyan ki pi avanse, ak etidyan ki soti nan lòt diferan peyi kap goumen antre yo se te debagay ki te di pou yo. Te gen enpe etidyan (20-36% konsa) ki te di tou rete nan yon klas avèk yon seride etidyan ki pa sou menm nivo ak yo, enpe pi avanse pase lòt, kote enpe ap viv tretman ki pa kòrèk ak prejidi, pwoblèm nan fanmi yo, ou kondisyon lakay ak vwazinaj pa bon te di pou yo tou. An nou di yon fason pi klè Etidyan yo te ap eseye konfòme yo selon nouvèl sitiasyon lè nou tap poze yo kesyon nan dezyèm ak nan twazyèm ane a paske te gen pi piti gwoup etidyan ki tap rapòte difikilte yo ane aprè ane. Poutan, menm nan twazyèm ane a, plis pase mwatye nan etidyan yo (58% konsa) te di kite fanmi yo te toujou di pou yo e plis pase (82%) te di yo te toujou gen pwoblèm avèk sa.

### **Objektif Pwojè a- # 2 : Aprann kòman viv nan lòt peyi deranje tout kantite bagay sosyal etidyan yo, sa yo panse de yo menm, epi kòman yo travay lekòl.**

Nou jwenn anmwayèn preske mwatye nan rapò moun ak moun etidyan yo (43% konsa) moun ki enpòtan pou yo rete nan peyi yo lè nou te mennen premye ankèt la. Moun ki te pi enpòtan pou yo se te manm fanmi ak zanmi etidyan yo. Nan twazyèm ane a, pi fò etidyan te genyen plis zanmi pa bò isit.

Etidyan yo di souvan yo jwenn sipò nan men manm fanmi yo ak zanmi yo, e yo te repòte tou yon ogmantasyon nan sipò apre premye ane yo pase nan peyi pa bò isit. Anmwayèn, etidyan yo te repòte yo te santi yo pibyen ane apre ane. Anjeneral, etidyan yo ki te genyen mwens pwoblèm ak tèt chaje nan lavi yo e ki te jwenn plis sipò de moun ki te pwòch ak yo te santi yo pi alèz lè yo te nan lekòl e yo te travay pi byen lekòl. Poutan, aprann Anglè te sanble sa ki te pi enpòtan pou etidyan yo te kapab travay byen lekòl, sitou sa-k pat konn pale Anglè lè yo te vini Ozetazini.

### **Objektif Pwojè a- # 3: Aprann kisa lekòl yo ka fè pou ede elèv ki sòti nan lòt peyi yo reyisi.**

Nan dènye ane pwojè nou an, nou te mande etidyan yo ak paran yo kisa lekòl te kapab fè pou fè bagay yo pi fasil pou etidyan ki fenk vini yo. Anpil etidyan (43% konsa) ak paran (32% konsa) te fè pwopozisyon sou kesyon langaj, tankou bezwen pou genyen plis tradiktè ki kapab pale lòt lang anplis de Anglè, plis klas pou ensenye etidyan Anglè, e plis klas ak materyèl nan lang pa yo. Enpe etidyan (23% konsa) ak paran (24% konsa) te di tou fòk pèsònèl lekòl yo ta bay etidyan yo plis sipò ak konpreansyon, men 15% nan etidyan yo ak 12 % nan paran yo te di lekòl yo te bon e yo pa ta dwe ajoute anyen ladan yo ankò. Gen lòt etidyan (10% konsa) ki te panse lekòl yo ta dwe kreye plis klèb ou etablisman ak aktivite pou etidyan ki fenk vini yo e lekòl yo tou ta dwe ede etidyan sa yo vin pi alèz avèk lòt etidyan yo, e lekòl yo ta dwe ede nouvo etidyan sa yo konprann nouvo sistèm nan ak lwa yo.

Nou te mande etidyan yo tou sa yo te panse sou lekòl ak sou pwofesè. Poutan, majorite etidyan yo (54% konsa) te reponn lekòl la te bon, te trè bon epi enpòtan pou yo ak pou avni yo. Etidyan yo te repòte anplis lekòl yo te trèzenpòtan pou paran yo. Sa ki pi rès la, anpil etidyan te di lekòl la te amizan ak atiran epi yon plas enteresan pou etidyan aprann; yo te apeprè 27% konsa. Men tou, te gen kèk etidyan (10% konsa) ki te di konsa lekòl la pat enteresan, li te di e li te difisil e li te ekzijan. Yon majorite vrèman enpòtan nan etidyan yo (71%) te panse pwofesè yo te bon oubyen trèbon pou fason yo te ansenye oubyen pou kalite pèsònèl yo, men te gen yon lòt gwoup etidyan (9%) tou ki te panse pwofesè yo te gen move karaktè, yo te bourik/sovaj, yo te derespektan, yo pat enteresan epi yo te di.

Anjeneral, repons sa yo te montre ke lekòl yo ta dwe konsidere kesyon tankou pwoblèm lang ak pwoblèm tradiksyon epi yo ta dwe bay etidyan yo ki pa pale Anglè

byen sipò ak konpreansyon. Men, etidyan yo sanble yo satisfè ak lekòl e ak pwofesè yo rankontre nan peyi pa bò isit.

### ***Kisa n' pral fè apre sa ?***

Ou kapab devine, paske nou gen anpil enfòmasyon sou pwojè-a, nou gen anpil travay pou nou fè pou nou kap konpran tout detay pwojè-a. N-ap kontinye mete tout enfòmasyon pwojè-a sou entènèt lè nou genyen yo.

***Pwojè SOL adrès entènèt:*** [www.fiu.edu/~sol](http://www.fiu.edu/~sol)